



Department of Regulatory and Economic Resources

Business Affairs Division

Consumer Protection

140 West Flagler Street, Suite 902

Miami, Florida 33130-1561

Tel (305) 375-4222 Fax (305) 375-4120

Email: consumer@miamidade.gov

Kisa pou Atann ou nan Odyans Vòl Salè W la

- Asire ou ke w rive alè nan odyans ou an: si w pa la lè yo rele ka pa w la, y'ap anile ka w la si ou se anplwaye-a. Si ou se mèt travay la epi ou pa la, y ap tande ka-a san prezans ou. Si toude pati yo pa la, yap anile ka-a.
- Se ou ki responsab prezante ka w la. Sèl wòl Konte Miami-Dade jwe nan odyans administratif la se nan pwosesis plent la. Konte a **paka** prezante prèv, mande moun vin temwaye, oswa ede w pwouve ka w la nan okenn fason.
- Odyans administratif la ap fèt an Angle. Kidonk, si w bezwen entèprèt, ou dwe vin ak youn.
- Odyans la ap fèt nan yon fason kazi-jidisyè epi yon Egzaminatè Odyans ap tande ka w la.
 - Ou gen dwa gen yon avoka ki lisansye pa Eta Florid pou prezante w nan odyans administratif la.
 - Ou kapab gen yon moun ki pa avoka pou reprezante w tou si Egzaminatè Odyans la pa diskalifye moun lan pou bòn koz. Si ou pap la nan odyans administratif la, moun kap prezante w la e ki pa yon avoka-a fèt pou gen yon otorizasyon ke w siyen e notarye.
 - Se responsabilite anplwaye-a pou li bay anpil prèv pou pwouve ka li-a. Si anplwaye a satisfè kondisyon sila nan bay yon kantite prèv sifizan, nan temwayaj oswa dokiman, lè sa-a responsabilite-a va tonbe sou do mèt travay la pou demanti akizasyon yo.
 - Ou dwe bay espikasyon sou sikonstans yo ki an rapò ak vyolasyon an, ki gen ladan:
 - dat la oswa dat yo (nan fòma mwa/jou/ane) vyolasyon an te swadizan fèt
 - montan lajan salè ki pat peye, ki gen ladan kijan salè yo te kalkile:
 - Kantite èdtan ou travay chak jou (oswa yon pati nan jounen an) miltipliye pa kantite kòb ou sipoze touche pa è.
 - Pou moun ki travay sou kouraj yo, kantite moso travay ou te fin fè miltipliye pa kantite kòb ou sipoze touche pou chak pyès.

- Bay Egzaminatè Odyans la, yon kopi tout prèv ak dokiman ou gen entansyon prezante nan odyans la.
- Men kèk egzanp prèv ak dokiman sipò:
 - yon kopi nenpòt lèt demann anplwaye a te petèt voye bay mèt travay la pou mande peye li lajan salè li dwe li.
 - yon kopi chèk anplwaye a (fas ak do)
 - souch chèk oswa resi pewòl
 - yon kopi nenpòt dokiman antant ki te fèt ant anplwaye-a ak mèt travay la
 - yon deklarasyon ekri epi notarye, ki gen non ak adrès, ki soti de youn/plizyè lòt anplwaye kanmarad ou ki ka apiye akizasyon w lan
 - yon kopi orè travay, fèy prezans, oswa nenpòt lòt dokiman ki verifye kantite èdtan/jou ou te travay oswa kantite moso travay ou te fin fè
 - yon kopi fòm W-2 anplwaye-a nan men mèt travay la
 - nenpòt dosye anplwaye-a genyen ki montre kantite èdtan/jou li travay oswa kantite moso travay li te fin fè ak salè li touche.
 - si reklamasyon an gen pou wè ak yon akò vèbal
 - Anplwaye a dwe bay yon bon jan deklarasyon alekri ki detaye kondisyon yo ki nan akò-a.
- Anplis de sa, ou ka pote nenpòt prèv oswa dokiman sipò ke ou santi ka ede Egzaminatè Odyans la rive nan yon desizyon.
- Ou gen dwa sèvi temwen yo manda, si ou prezante manda ki pou bay la pa Ezaminatè Odyans la.
 - Yap fè tout moun ki temwaye sou fè yo prete sèman.
 - Tout temwen ou mennen vin temwaye anfavè w, lòt pati opoze a ap fè yo kont-entewogatwa.
- Nan fen odyans la, Egzaminatè Odyans la ap detèmine si gen yon vyolasyon vòl salè ki te fèt. Si yo deside gen yon vòl salè ki te fèt, Egzaminatè a ap bay lòd pou mèt travay la peye dedomajman salè nan yon montan ki egal a twa (3) fwa salè li dwe a.
- Si yo twouvo mèt travay la koupab de vòl salè, li va alò responsab peye anplwaye-a salè li dwe li yo, epitou, lap peye Asanble Komisyonè Konte a pou depans admistratif ak depans pwosesis yo.